

## **AVI KONSÈNAN DWA ELÈV ENFIM AK PARAN YO SOU PWOJÈ LALWA SOU REYADAPTASYON 1973, SEKSYON 504**

Pwojè lalwa sou reyadaptasyon 1973, ke lekòl yo konnen kòm « seksyon 504 », se yon lwa federal ki gen pou bi entèdi diskriminasyon kont moun enfim ki kap patisipe nan, oubyen ki resevwa benefis nan men pwogram ki resevwa konkou finansye federal. Seksyon 504 aplike, espesifikman nan lekòl publik yo, pou asire elèv enfim elijib resevwa benefis ak opòtinite edikasyonèl ki egalego ak sa elèv ki pa enfim resevwa.

Daprè seksyon 504, yon elèv konsidere kòm enfim si li anba yon antrav fizik ou mantal ki limite yon fason konsiderab youn ou plizyè aktivite lavi enpòtan tankou aprann, mache, wè, tandem, respire, travay ak fè lòt tach manyèl. Seksyon 504 aplike egalman a elèv ki gen istorik yon antrav ki limite konsiderableman aktivite lavi yo, oubyen ki konsidere enfim menmsi yo pa gen yon enfimite toutbonvre. Elèv ki konsidere enfim gen dwa resevwa sèvis sou seksyon 504 menmsi yo pa kalifye pou, oubyen resevwa, sèvis pou elèv ak bezwen espesyal.

Objèktif avi sila a se pou enfòme paran ak elèv konsènan dwa yo sou seksyon 504. Règleman federal yo konsènan seksyon 504 se sou Tit 34, Pati 104 nan Kòd règleman federal (CFR), lòfini yo asire paran elèv elijib, ak elèv yo menm, dwa swivan:

1. Ou gen dwa pou ou enfòme konsènan dwa ou yo daprè seksyon 504 [34 CFR 104.32]. Distri eskolè a dwè founi ba ou yon avi alekri konsènan dwa ou yo (dokiman sila a reprezante yon avi alekri konsènan dwa ou yo daprè egzijans seksyon 504). Si ou bezwen plis eksplikasyon oubyen klarifikasyon konsènan dwa yo ki dekri nan avi sila a, kontakte manm pèsonèl apwopriye nan biwo Seksyon 504 pou distri a epi l ap asiste ou nan konprann dwa ou yo.
2. Daprè seksyon 504, pitit ou gen dwa a yon edikasyon apwopriye ki satisfè bezwen edikasyonèl li yo menm jan li satisfè bezwen elèv ki pa enfim [34 CFR 104.33].
3. Pitit ou gen dwa resevwa sèvis edikasyonèl gratis, sòf sèten depans paran elèv ki pa enfim peye. Konpayi asirans ak lòt òganizasyon konsa toujou sou kenepòt obligasyon ki egziste pou founi epi peye sèvis pou yon elèv ki vin elijib pou sèvis daprè seksyon 504 [34 CFR 104.33].
4. Nan pi gran mezi ki apwopriye, pitit ou gen dwa pou li edike ansanm ak lòt elèv ki pa enfim. Distri a pral plase pitit ou nan klas òdinè sòf si distri a ka demoutre ke bezwen edikasyonèl li yo pa ka satisfè yon fason adekwa nan klas òdinè, menm avèk èd ak sèvis siplemantè [34 CFR 104.34].
5. Pitit ou gen dwa a sèvis, enstalasyon ak aktivite ki konparab ak sa elèv ki pa enfim genyen [34 CFR 104.34].
6. Distri eskolè a dwè efektye yon evalyasyon pitit ou anvan li detèminen yon plasman, pwogram ou sèvis edikasyonèl ki apwopriye daprè seksyon 504, lòfini li dwè fè demenm anvan li fè yon chanjman siyifikatif nan plasman pitit ou [34 CFR 104.35].
7. Si distri a sèvi ak enstriman evalyasyon fòmèl kòm pati yon evalyasyon, pwosed pou administre evalyasyon yo ak lòt enstriman dwè respekte egzijans seksyon 504 konsènan validite yon evalyasyon, bon metòd pou administre yon evalyasyon, epi seleksyon apwopriye yon evalyasyon [34 CFR 104.35]. Distri a pral konsidere enfòmasyon nan men plizyè sous pou fè evalyasyon an. Pa egzanp, tès aptitud ak pèfòmans, rekòmandasyon pwofesè a, rapò kondisyon fizik, istorik kiltirèl e sosyal, konpòtman adaptasyon, rejis lasante, kanè, rapò sou pwogrè, obsèvasyon paran, rezulta tès TEAMS/TAAS, antwòt [34 CFR 104.35].
8. Desizyon konsènan plasman pitit ou dwè fèt pa yon gwoup moun (yon komite seksyon 504) ki konnen pitit ou, epitou ki konnen siyifikasyon rezulta evalyasyon yo, opsyon pou plasman, epi egzijans pou edike pitit ou, nan pi gran mezi apwopriye, ansanm ak elèv ki pa enfim [34 CFR 104.35].

9. Si ptit ou elijib pou sèvis daprè seksyon 504, li gen dwa pou pase evalyasyon detanzantan pou detèminen si bezwen edikasyonèl li yo gentan chanje. An jeneral, yon tèl evalyasyon pral fèt omwen chak twazan [34 CFR 104.35].
10. Ou gen dwa pou ou resevwa notifikasyon nan men distri a anvan kenepòt aksyon ka fèt pou idantifye, evalye oubyen plase ptit ou [34 CFR 104.36].
11. Ou gen dwa egzaminen tout dokiman pètinan ak rejis konsènan ptit ou (jeneralman se dokiman ki relye ak idantifikasiyon, evalyasyon ak plasman ptit ou daprè seksyon 504) [34 CFR 104.36].
12. Ou gen dwa genyen yon chitatande enpasyal si ou vle konteste kenepòt mezi Distri a pran nan idantifikasiyon, evalyasyon ou plasman ptit ou daprè seksyon 504 [34 CFR 104.36]. Ou gen dwa patisipe pèsonèlmnan nan chitatande a, epi ou gen dwa reprezentasyon yon avoka si ou vle amplwaye yon.
13. Si ou vle konteste yon mezi konmite seksyon 504 la pran pa mwayen yon chitatande enpasyal, ou dwè soumèt yon demann pou chitatande a bay kòwòdonatè seksyon 504 pou distri a nan adrès swivan:

*Director  
for Student Services  
2855 Colonial Boulevard  
Fort Myers, Florida 33966*

Distri pral soumèt demann pou chitatande enpasyal la bay yon ofisyen endependan.

1. Si ou pa dakò ak desizyon ofisyen chitatande a fè, ou gen dwa mande yon revizyon nan yon lakou ki gen jiridiksyon (dabitid se lakou distri federal ki pi prè a).
2. Konsènan lòt bagay ki antoure edikasyon ptit ou ki pa relye espesifikman ak idantifikasiyon, evalyasyon ou plasman, ou gen dwa pòte plent ou griyèf bay kòwòdonatè seksyon 504 pou distri a (oubyen kòwòdonatè deziyen an), ki pral tanmen yon envestigasyon. L ap konsidere nati plent lan ak tout lòt faktè nesesè nan yon efò pou rive nan yon rezolisyon jis e rapid.
3. Ou gen dwa osi pòte plent bay Biwo dwa sivil (*Office of Civil Rights*) (OCR) oubyen Depatman edikasyon.